



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Reyalizasyon Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) *Desanm 2014 - Desanm 2022*

ANE	AKTIVITE / PWOJÈ	DESKRIPSYON
2014	Enstalasyon 33 Premye Akademisyen lang kreyòl ayisyen Otèl Kinam II (Petyonvil)	Nan dat 7 avril 2014, Jounal ofisyèl peyi a pibliye Lwa kreyasyon Akademi an. Konsa, nan dat 4 desanm 2014, Inivèsite Leta Ayiti, enstitisyon patnè yo ak kolaborasyon Komite pou tabli Akademi an òganize yon seremoni pou enstale 33 premye Akademisyen yo. Nan dat 5 desanm, Akademisyen yo reyalize premye Asanble jeneral òdinè yo epi eli premye Konsèy Administrasyon AKA pou de (2) lane. Akademisyen yo eli Mesye Jean Pauris Jean Baptiste Prezidan Akademi an.
2015	Entèvansyon AKA bò kote Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyònèl (MENFP)	Se yon demach ki te vize ankouraje MENFP enskri nan ajannda lekòl yo Selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl (21 fevriye) ak selebrasyon Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl (28 oktòb) epi pou yo òganize jounen refleksyon ak festivite nan okazyon sa yo.
	Pwotokòl akò AKA / MENFP	8 jiye 2015 AKA siyen yon Pwotokòl akò ak MENFP. Patenarya sa a te pèmèt AKA finanse atelye pou premye Rezolisyon ôtograf lang kreyòl ayisyen an. Objektif la te dwe pèmèt ministè a revize materyèl eskolè yo ak elabore kourikoulòm li a.
2015 2018	Fòmasyon pou anplwaye AKA	Sekretarya Egzekitif Akademi an òganize fòmasyon pou anplwaye li yo sou diferan sijè tankou: komunikasyon kreyòl sou plan administrativ / konpreyansyon misyon ak Lwa kreyasyon AKA / Prensip administratif ak Etik pwofesyonèl.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



		Anplwaye AKA yo patisipe prèske chak ane nan fòmasyon CEFOPAFOP òganize pou fonksyonè Leta yo.
2015 2021	Seremoni omaj pou 5 Akademisyen ki janbe : Istorik lavi ak zèv yo	Omaj pou Akademisyen : 1. Max BEAUVOIR (2015) 2. Claude PIERRE (2017) 3. Rachel Beauvoir DOMINIQUE (2018) 4. Marcelle Buteau RACINE (2020) 5. Ernst MIRVILLE (2021)
2016	Fowòm pou ofisyalize lang kreyòl ayisyen nan inivèsite ak nan ansèyman siperyè	AKA òganize yon fowòm pou tout inivèsite, enstiti inivèsité, lekòl fòmasyon siperyè (Prive kou piblik) pou ofisyalize lang kreyòl la nan ansèyman siperyè. Li soti ak yon Rezolisyon pou tout inivèsite gen kou kreyòl nan kourikoulòm yo epi pou tout etidyan kapab prepare memwa yo nan lang kreyòl.
	Rankont ant AKA ak kèk enstitisyon	AKA òganize premye seri rankont li ak Premye minis, Palman, diferan minis, Direktè Achiv Nasyonal, kòdonatè OMRH, Direktè Près Nasyonal, yon fason pou kreyòl gen plas li nan Administrasyon piblik ayisyen an.
2016- 2020	Karavàn AKA nan plizyè Depatman peyi a pou pwomosyon ak devlòpman lang kreyòl ayisyen	Karavàn AKA nan plizyè depatman peyi a nan kad selebrasyon Jounen entènasyonal lang kreyòl ak lang matènèl nan tèt kole MENFP, FLA, ak sipò UNESCO / Fòmasyon pou pwofesè kreyòl / Fòmasyon pou journalis/ Konferans nan lekòl ak nan inivèsite / Aktivite kiltirèl sou plas piblik oswa sou sit touristik. Depatman Grandans (Jeremi, Dam Mari, Bomon). Depatman Latibonit (Gonayiv, Sen Mak, Tènèv, Desalin). Depatman Nò, Nòdès (Okap, Milo, Wanament, Limonad). Depatman Sid (Okay) / Plato Santral (Ench, Mibalè, Tomond). Depatman Lwès (Pòtoprens, Kenskòf, Kwadèboukè, Petyonvil, Tomazo).



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



2017	Piblikasyon premye Rezolisyon sou ôtograf lang kreyòl ayisyen an.	AKA reyalize yon seri atelye pou li jwenn konsansis sou ôtograf lang kreyòl ayisyen an. Li pibliye premye Rezolisyon an avèk sipò MENFP, Ministè Kilti, UEH, FLA, SEA, SAKS, Jounal Bon Nouvèl, Fondasyon Moris Sisto, Editè, Ekriven, Tradiktè, Konseptè pedagojik, Sosyete Biblik, Sosyete Koukouy, Asosyasyon Pwofesè Kreyòl Pòtoprens, Kafou, Gresye ...
2017	Fowòm pou direktè lekòl, paran, pwofesè, sou konsekans pinisyon yo ap bay elèv ki ap pale kreyòl nan lekòl.	AKA resevwa pakèt plent ki denonse move tretman kèk direksyon lekòl ap bay elèv ki ap pale kreyòl. Konsa, AKA reyalize, ak sipò MENFP, yon fowòm pou direktè lekòl, paran, pwofesè, sou konsekans pinisyon sa yo. Akademi an ak patnè li yo pran yon yon Rezolisyon ki entèdi tout fòm pinisyon sou timoun ki ap pale kreyòl nan lekòl yo.
2018	Dezyèm seri Rankont ant AKA ak kèk enstitisyon piblik	Dezyèm seri rankont AKA ak Premye minis, Palman ayisyen ak diferan minis, responsab kèk enstitisyon piblik tankou Achiv Nasyonal, OMRH, Près Nasyonal pou sansibilize yo sou nesesite pou lang kreyòl la gen plas li nan Administrasyon piblik ayisyen an.
	Memorandòm antant ant AKA ak UNESCO	Memorandòm antant ant AKA ak UNESCO, Prezidan Jean Pauris JEAN BAPTISTE ak Reprezantan UNESCO Ayiti a Paul GOMIS / Patenarya pou reyalize nan tèt kole aktivite pou selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl ak Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl ak aktivite nan domèn edikasyon ak kilti.
2017-2020	Seminè lekti ak ekriti kreyòl	Reyalizasyon seminè lekti ak ekriti kreyòl pou plizyè gwoup sosyopwofesyonèl nan Pòtoprens ak Etazini.
	DEBATAN (Direksyon Kominikasyon. AKA)	Pwojè " Debatan" Kozri ant AKA ak etidyan sou zèv otè oswa tèm ki trete nan literati kreyòl ayisyen an. AKA òganize 3 seyans.
		- Konstriksyon vizyon AKA sou edikasyon an Ayiti. Se te yon seyans echanj ant 4 Akademisyen espesyalis nan domèn edikasyon ak Konsèy Akademisyen



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Republik Ayiti

2017-2019	Espas Refleksyon Akademisyen sou diferan sijè konjonktirèl. (Direksyon syantifik AKA)	<p>an. Seyans sa a te pwopoze pou AKA pare yon pwojè politik lengwistik pou sistèm edikasyon ayisen an. (Pa ko gen suivi, pwojè sa a pokò ekri)</p> <ul style="list-style-type: none">- Konsèy akademisyen an te reyaji sou « <i>Plan Decennal d'Éducation et de Formation 2017-2027</i> » MENFP a. Nan yon tèks agimantè byen chapante, li montre ministè a plas pou lang kreyòl la genyen nan sistèm nan epi li mande pou ministè a mete lang ak kilti kreyòl pi plis nan sistèm nan pou pèfòmans ak epanouyisman elèv ayisen yo.- Konsèy akademisyen an te reyaji sou <i>Kominike MENFP ki retire Kominikasyon kreyòl nan Egzamen ofisyèl Nouvo segondè a</i>. Nan yon tèks agimantè byen chapante, li mande pou ministè a rekonsidere pozisyon li epi remete egzamen kreyòl nan lis egzamen ofisyèl yo nan respè Konstitisyon peyi a ak rekonesans travay Akademi Kreyòl Ayisen pou defans, pwomosyon ak devlòpman lang kreyòl ayisen an.
2019-2021	Entèvansyon AKA bò kote kèk bank pou tranzaksyon ak piblikasyon ka fèt nan lang kreyòl ayisen	Entèvansyon AKA bò kote Bank Republik Ayiti (BRH) pou sikisal yo asepte tranzaksyon nan lang Kreyòl Ayisen. / Entèvansyon AKA bò kote Bank Nasyonal Kredi (BNC) pou piblikasyon sikilè nan lang kreyòl.
2020	Entèvansyon AKA bò kote Ministè Afè Etranjè	Entèvansyon AKA bò kote Ministè Afè Etranjè pou misyon diplomatik yo enskri nan ajannda yo selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl ak selebrasyon Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl epi pou yo òganize jounen refleksyon ak festivite nan okazyon an.
2020	Pwotokòl Akò ant AKA ak Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn.	Pwotokòl Akò ant AKA ak Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn. Prezidan Pierre André PIERRE ak Minis Joseph JOUTHE . Patenarya pou finansman renovasyon, ak reparasyon lokal AKA ki nan Taba 68 la. Pwogram Envestisman Piblik.
	Pwotokòl akò ant AKA ak SEA.	Pwotokòl akò ant AKA ak SEA .Vis Prezidan Frantz GRANDOIT-Sekretè Leta Hervé SAINTILUS / Patenarya pou konsepson, elaborasyon ak reyalizasyon yon pwogram tèt kole pou Alfabetizasyon ak Pòsalfabetizasyon.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



		<ul style="list-style-type: none">- Komisyon syantifik ak Komisyon edikasyonEstandadizasyon òtograf Lang kreyòl ayisyenPwojè zouti referans pou lang kreyòl : Gramè jeneral / Diksyonè jeneralReferansyèl konpetans pou Kou Kreyòl nan sistèm edikasyon ayisyen an.- Komisyon Kominikasyon (ki valide men ki poko operasyonèl)Pwojè wiken kreyòl / Pwojè estidyo odyovizyèl- Komisyon iterati ak KiltiPwojè Gran pri nasyonal Akademi Kreyòl Ayisyen (Pri literè)- 4 Komite espesyal pouPwojè diksyonè tèminoloji jiridik (ki nan Pwogram Envestisman Piblik)Pwojè plan estratejik / Pwojè kòd etikPwojè Amannman Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen (Komisyon jiridik)
2018 2021	Pwojè ak aktivite ki nan kouti nan Komisyon Akademisyen yo	<ul style="list-style-type: none">- Sekretarya Egzekitif (SE) / Direksyon syantifik (DS)- Direksyon Kominikasyon (DK) / Direksyon Administrasyon (DA) <p>Kalandriye – Almanak AKA avèk tèm selebrasyon lang matènèl, lang ak kilti kreyòl pandan 10 premye ane yo. Almanak Premye deseni AKA (SE)</p> <p>Pwojè revi syantifik AKA (DS) (ki nan Pwogram Envestisman Piblik 22-23)</p> <p>Pwojè Fowòm nasyonal sou plas ak lang kreyòl nan sosyete a (SE –DS)</p> <p>Senpozyòm entènasyonal sou Lang ak Kilti Kreyòl (SE-DS)</p> <p>Ankèt nasyonal sosyolengwistik pou detèmine kòman popilasyon an itilize lang kreyòl la, nan tout domèn, nan tout sektè (SE-DS);</p> <p>Pwojè kou kreyòl sou Televizyon Nasyonal ak sou rezo sosyal (DK)</p> <p>Pwogram Jeni kreyòl sou Televizyon Nasyonal Ayiti (DK)</p> <p>Pwojè fòmasyon an Kreyòl pou gwoup sosyo pwofesyonèl (DK)</p>
2020- 2022	Pwojè Sekretarya Egzekitif AKA Direksyon teknik AKA (ki valide men ki poko operasyonèl)	Konferans deba ak Direktè lekòl ki adopte lang kreyòl kòm lang ansèyman



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



2020-2022	Konferans deba ak sektè ki ap travay ak lang kreyòl (sou zoom) kote AKA ap ankouraje yo,	(Kat (4) Direksyon lekòl te patisipe kote yo pale de esperyans pozitif yo fè.
		Konferans deba ak Asosyasyon ak òganizasyon ki nan peyi etranje ki ap travay pou pwomosyon lang kreyòl. Yo pale de travay ak esperyans yo.
		Rankont AKA - Avoka sou plas lang kreyòl nan sistèm jidisyè a. Yo pale de esperyans yo epi yo dekri yon sitiyasyon miwo miba nan sistèm jistis la akoz sitwayen y opa jwenn jistis nan lang kreyòl la.
2021-2022	Konferans deba avèk Espesyalis kreyolis sou lang kreyòl / sou Akademi Kreyòl ayisyen	Rankont Kreyolis - Espesyalis (Etranje, ayisyen) sou Lang Kreyòl: 1-Albert Valzman / Kontribisyon Syans Lengwistik nan devlopman Lang Kreyòl: Leksikografi bileng Kreyòl-Fransè. 2-Johnny LAFORÊT sou plas kreyòl ayisyen an nan peyizaj lengwistik Pòtoprens. 3-Mèt Montalembert Radio KERSAINT ak Majistra Norah Amilcar JEAN-FRANÇOIS sou Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen.
2022	Atelye nan Pòtoprens ak nan Vil pwovens konsènan preparasyon dezyèm rezolisyon an.	Atelye nan Pòtoprens pou konsansis pou ôtograf lang Kreyòl Ayisyen pou dezyèm rezolisyon (MENFP, Ministè Kilti, Jounal Bon Nouvèl, UEH, FLA, SEA, SAKS, Fondasyon Moris Sisto, Editè, Ekriven, Tradiktè, Konseptè pedagojik, Asosyasyon pwofesè Kreyòl Pòtoprens, Kafou, Gresye.....)
		Atelye nan vil pwovens pou jwenn konsansis sou dezyèm rezolisyon sou ôtograf la avèk pwofesè lang kreyòl nan Depatman Nò ak Nòdès, Asosyasyon Pwofesè nan Plato Santral, (ak sipò Kòdonatè, Komisyon syantifik) / Montaj rezo Pwofesè.
2023	Pwopozisyon pwojè Akademisyen yo fè pou 2023	Vizyon AKA / Politik lengwistik selon AKA; Oryantasyon ak aksyon AKA pou senk (5) pwochen ane yo (2023-2028).